



Pou Piblikasyon Imedya: 24/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSTRIKSYON YON PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN SIPÈVIZE K AP KOUTE 67 MILYON DOLA NAN BRONX

Nouvo Devlopman an pral Founi Lojman Abòdab pou ansyen Nouyòkè Sanzabri yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse konstriksyon ankou nan yon pwojè lojman sipèvize ak lojman abòdab k ap koute 67 milyon dola nan Bronx. Bilding y ap konstwi a, nan kad yon pi gwo devlopman a izaj miks yo rele La Central la, li pral kreye 160 inite lojman, ki gen ladan 97 inite lojman sipèvize pou ansyen Nouyòkè sanzabri ki gen bezwen espesyal yo.

“Nouvo devlopman sa a pral founi bon kalite lojman epi li pral sipòte rezidan vilnerab Bronx ki gen bezwen an yo sa k ap pèmèt yo viv otonòm avèk diyite”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou bay moun sa yo yon kote pou yo rete ak yon espas ki an sekirite pou yo abite, nou ap ede kreye yon New York ki pi solid ak yon Bronx ki pi vibran pou anpil ane k ap vini ankò.”

Devlopman La Central la pral gen ladan plizyè bilding ki gen lojman abòdab pou moun ki gen revni miks yo, magazen vant an detay, espas kominotè ak lwazi, sa k ap ede revitalize Melrose nan South Bronx. Breaking Ground pral devlope eleman lojman sipèvize nan La Central yo, alòske Comunilife pral founi sèvis sipò yo.

“Lojman sipèvize yo mete lojman ansanm ak sèvis pèsonalize ki nesèsè pou veteran yo ak sila ki gen pwoblèm sante mantal yo pou yo atenn estabilite nan lavi yo”, **Komisyone Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Samuel D. Roberts te deklare.** “Angajman solid eta a pran anvè pwojè tankou sila sa yo se sa ki te fè New York rete yon lidè nasyonal nan fason n ap abòde pwoblèm sanzabri a.”

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, “HCR kontan anpil pou nou pote 160 apatman sipèvize abòdab, magazen vant an detay, ak epas lwazi nan South Bronx. Sa fè pati angajman Gouvènè a pran pou rezoud pwoblèm sanzabri a nan yon fason agresif, k ap ogmante aksè a lojman sekirize, epi k ap founi sipò ak yon chemen pou moun yo jwenn opòtinite yo bezwen. La Central pral yon trè bèl egzanp

apwòch panse vizyonè anvè lojman ak devlopman kominotè k ap amelyore kalite lavi moun nan katye toupatou atravè New York yo”.

“HPD kontan anpil pou l selebre kòmansman konstriksyon sou sit ki te vid depi lontan sa a nan Bronx”, **Maria Torres-Springer, ki se Komisè Prezèvasyon ak Konstriksyon Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) Vil New York te deklare.** “Premye faz devlopman an pral kreye 160 lojman sipèvize pou moun ki nan bezwen yo. Mwen vle remèsye Breaking Ground ak Comunilife pou patenarya y ap fè a epi mwen atann pou m akeyi nouvo rezidan yo lè yo vini rantre nan nouvo kay yo”.

“Nan Breaking Ground, nou kwè tout moun merite yon kay epi nou pran angajman pou nou asire chak kominote nan Vil New York yo ka yon kay pou vwazen ki pi vilnerab nou yo”, **Brenda Rosen, ki se Prezidan ak PGD Breaking Ground lan te di.** “La Central pral sèvi kòm yon modèl ki reprezante kisa nou ka akonpli lè sektè piblik la ak sektè prive a kolabore epi yo tandè sa bezwen kominote a yo. Nou kontan anpil pou nou kòmanse mete men nan nouvo rezidans sipèvize nou an nan South Bronx epi pou nou jwe yon wòl enpòtan nan ede Bronx rete abòdab pou Nouyòkè k ap travay di yo nan kad efò revitalizasyon kominotè k ap fèt kounye a yo ak sila yo ki pral fèt alavni diran”.

“Comunilife kontan anpil tou pou nou fè patenarya ak Breaking Ground nan kad devlopman 97 nouvo apatman sipèvize yo pou kèk nan rezidan vil nou yo ki pi arisk yo epi nou kontan anpil pou nou patisipe nan seremoni ki pou make kòmansman travay yo jodi a”, **Doktè Rosa M. Gil, ki se Prezidan ak PDG Comunilife, Inc. lan te di,** “Lè bilding lan ouvri nan dezan ankò, nouvo rezidan yo pral gen bèl nouvo apatman pou yo abite epi y ap gèn sèvis yo bezwen sou plas pou ede yo vin manm aktif nan kominote a yo.”

Pri total devlopman pwojè a ap koute 67 milyon dola. Gen plizyè resous k ap soti nan HCR, ansanm ak patnè Eta a ak lokal nou yo k ap finanse pwojè a. Ajans Finansman Lojman (Housing Finance Agency, HFA) Eta New York la ap bay 31 milyon dola nan finansman sou fòm obligasyon yo pa peye taks sou yo pou konstriksyon pwojè a. Lè pwojè a fini, finansman pèmanan ap gen ladan prèske 27 milyon dola Kredi Taks pou Lojman pou Moun ki Gen Revni Fèb yo (Low Income Housing Tax Credit) k ap soti apati kredi taks HFA te atribiye yo; 11.5 milyon dola k ap soti nan Pwogram Opòtinite Lojman Sipèvize (Supportive Housing Opportunity Program) HCR la; 5.9 milyon dola k ap soti nan Pwogram Asistans Lojman pou Sanzabri (Homeless Housing Assistance Program) OTDA a; 12 milyon dola k ap soti nan Pwogram Prè pou Lojman Sipèvize a (Supportive Housing Loan Program) atravè Depatman Lojman, Prezèvasyon ak Devlopma (Department of Housing, Preservation and Development) Vil New York la; ak 230,000 dola k ap soti nan Biwo Reyabilitasyon Anviwonmantal (Office of Environmental Remediation) Vil New York la. Pwojè a fè pati Inisyativ Lojman Sipèvize Empire State la (Empire State Supportive Housing Initiative) yo fenk lanse a tou. Wells Fargo ak Corporation for Supportive Housing te bay finansman kapital adisyonèl.

Manm Asanble Carmen Arroyo te deklare, “Li enpòtan anpil pou nou ofri yon espas sekirize ki estab bay vwazen nou yo ki pi vilnerab yo pou nou ka devlope kominote nou an. Avèk nouvo devlopman sa a, ansyen Nouyòkè sanzabri yo pral gen aksè a resous yo bezwen yo pou yo retounen sou labòn vwa anvè yon avni ki pi briyan, ki pi reyisi”.

Senatè Ruben Diaz Sr. te deklare, “Kominote nou an pral benefisye de kòmansman travay nan nouvo devlopman lojman sipèvize a isit la menm nan Bronx. Lè nou ofri yon kote sekirize ki abòdab pou fanmi ki nan bezwen yo, nou ap ede ranfòse ekonomi lokal nou an epi n ap asire katye nou yo rete vibran pou anpil ane k ap vini ankò”.

Prezidan Minisipalite Bronx la Ruben Diaz Jr. te deklare, “La Central se yon lojman sipèvize ak ekipman kominotè miks inovatè k ap kreye nòm, tankou yon nouvo YMCA ak pwolonjman South Bronx lan pou moun Bronxnet yo. Mwen te fyè pou m te bay 1.5 milyon dola nan finansman kapital biwo mwen an pou pwojè sa a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak patnè m yo nan gouvènman eta paske yo ap investi nan avni kominote a epi y ap sèvi rezidan ki gen divès nivo revni nan youn nan devlopman ki pi favorab a anviwonman nan peyi a - sa k ap kreye yon meyè katye ki pi sekirize pou nou tout”.

“Wells Fargo fyè pou nou patisipe nan pwojè La Central Breaking Ground ak Comunilife lan ki pral ofri lojman abòdab pou ansyen sanzabri yo ak Nouyòkè ki gen revni fèb yo”, **Alan Wiener, Ki se Direktè Jeneral Wells Fargo Multifamily Capital a te di,** “La Central se yon modèl pou devlopman abòdab, dirab ki pral ankouraje transfòmasyon kalite lavi non sèlman pou rezidan l yo, men pou tout katye a nèt tou. Pwojè sa a demontre kisa ki posib lè sektè piblik ak sektè prive a mete tèt ansanm pou yo kreye lojman abòdab ki non sèlman ap sèvi vwazen ki pi vilnerab nou yo, men tou k ap ajoute anpil valè sou lavi gran vil nou an”.

“La Central se yon investisman enpòtan n ap fè nan kominote a paske l ap abòde yon bezwen ijan pou mete fen a pwoblèm sanzabri a pou sila yo ki lage nan lari nou yo ki gen andikap anplis de VIH/SIDA ak lòt maladi kwonik k ap ravaje yo”, **Jennifer Trepinski, ki se yon Ajan Prè pou CSH nan New York te di.** “Breaking Ground gen yon trè bòn repitasyon pou bon jan kalite lojman sipèvize yo ofri yo epi kòm konsekans katye a tout antye pral benefisye de sèvis Comunilife pral ofri yo. Faktè sa yo se baz pou yon desizyon inik nou te pran pou nou te ka founi pati pa nou an nan prè pou devlopman preyalab yo k ap totalize 1 milyon dola pou nou fè vanse La Central vè lavan”.

FXFOWLE Architects ak MHG Architects yo te konsepsyone bilding lan. Kontakè prensipal la se Monadnock Construction, Inc. Bilding lan pral gen ladan aparèy ki itilize enèji nan yon fason ki efikas anpil ak aparèy elektwonenaje ki ka ekonomize dlo, yon twati ki favorab a anviwonman, pano solèy yo enstale sou do bilding lan yo pral bay fyabilite pou ekonomize ak redwi konsomasyon enèji sou rezo elektrik zòn lan. Anplis de sa a, bilding la pral gen ladan 4,500 pye kare espas kominotè siplemanntè.

“Devlopman La Central la senbolize atizay ki gen nan konstriksyon bilding nan vil nan yon fason kreyatif, dirab epi ekitab. Konsepsyon bilding lojman sipèvize Breaking Ground lan se yon eleman kle pou La Central epi li enkane yon melanj pwisan ki gen moral sivik, estrateji dirab ak pwogramasyon reflechi”, **Dan Kaplan, ki se Asosye Prensipal FAIA, LEED AP a te di.** “Bilding lan pral kreye yon idantite ki alafwa prevwayan epi k ap pwolonje rasin li yo anndan katye a. S ak pi enpòtan toujou, l ap kreye yon konte ki ofri yon sans ki reflete misyon pwojè a pou ofri lojman epi ankouraje yon kominote k ap fleri, ki an bòn sante”.

Nan kad dezyèm faz plan istorik 20 milya dola pandan senkan Gouvènè a pou kreye ak prezève 100,000 inite lojman abòdab ak 6,000 inite lojman sipèvize a, twa ajans Eta yo te mete disponib plis pase 650 milyon dola nan finansman kapital ak 30 milyon dola nan finansman pou sèvis ak fonksyonman pou lojman sipèvize yo. HCR, OTDA ak Biwo Sante Mantal la (Office of Mental Health, OMH), yo chak te pibliye Demann Pwopozisyon (Requests for Proposals, RFP) pou yo te ka distribye fon sa yo.

Pou plis enfòmasyon sou RFP yo, vizite:

- [HCR](#)
- [OTDA](#)
- [OMH](#)

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418